




NEW YORK CITY COMPTROLLER
BRAD LANDER

GID RESOUS 2025 POU TRAVAYÈ IMIGRAN YO

(Haitian Creole)



1 Centre Street
New York, NY 10007
(212) 669-3916
www.comptroller.nyc.gov
[@NYCComptroller](https://twitter.com/NYCComptroller)



Yon Mesaj ki sòti nan Biwo Kontwolè a

Vil Nouyòk la se kote ki gen plis imigran lemonn pa janm konnen. Depi plis pase 400 lane, nouvel jenerasyon an te vin rete la epi yo te defini kisa ki vle di yon Nouyòkè: mo nou itilize yo, aliman nou manje yo, mizik nou danse yo, katye nou renmen yo.

Imigran Nouyòkè yo bay Vil Nouyòk la anpil elan: yo kreye nouvo biznis, yo organize vil nou an, yo pran swen kominote nou an, epi yo pote talan ak ekspètiz yo nan tout sektè aktivite yo.

Epoutan, travayè imigran yo twò souvan sibi eksplwatasyon nan men yon bann patwon san vègòy. Pi gwo defi pou imigran yo, se diskriminasyon ak move santiman kont imigran, pwoblem langaj, ak mank konesans sou sèvis ak pwoteksyon Vil Nouyòk yo, rann li pi difisil pou yo jwenn aksè epi revandike dwa yo nan espas kote y ap travay la.

Lè yon patwon eksplwatè ki fè sa ki pa nòmal sou travayè imigran yo ki pè pale; oswa ki pa konnen dwa ki pwoteje yo, sa vin lakoz dwa tout lòt travayè imigran yo menase.

Biwo mwen an angaje pou itilize tout materyèl li gen nan kòtòf li pou defann travayè imigran yo. Nan lane 2024, nou te pibliye de kalite resous: *Tablo kontwòl Vyolasyon Patwon yo*¹, ki mete aksan sou patwon prive yo, ki komèt vyolasyon sou dwa travay nan Nouyòk; ak *reyalite yo san laperèz*².

Kòman akèy pou benefis imigran yo nan Nouyòk, yon rapò ki kache mit ki gen rapò ak tout imigran nan peyi Etazini, e lavil Nouyòk. Yon rapò ki elimine miskonsepsyon yo ki ka afekte imigran peyi a ak Vil Nouyòk. Avèk nouvo Gid Resous pou Travayè Imigran yo, n ap bay enfòmasyon sou dwa fondamantal travay ki afekte anpil travayè imigran ak yon salè minimòm, ki pa gen papye legal, epi yon lis patnè ak òganizasyon yo k ap goumen pou fè respekte dwa imigran yo nan senk awondisman yo.

Sensèman,



Brad Lander

¹ See <https://comptroller.nyc.gov/employer-violations/>.

² See <https://comptroller.nyc.gov/reports/facts-not-fear-how-welcoming-immigrants-benefits-new-york-city/>

Mesaj Direktè a sou Dwa Travay yo

Biwo Dwa Travay ak Dwa Travayè yo, nan Biwo Kontwolè Vil Nouyòk la, fyè pou prezante Gid Resous pou Travayè Imigran yo.

Malerezman, twò souvan, travayè k ap sibi abi dwa travay ki pi flagran yo se travayè imigran ki pa konnen dwa nou yo oswa ki pè fè respekte yo. Pou konbat sa, biwo nou an angaje nan aktivite sansibilizasyon ak edikasyon pou enfòme travayè yo sou pwoteksyon travay ki disponib anba lwa leta federal, ak lokal yo. Lè yo kolabore ak patnè ajans gouvènman yo ak òganizasyon kominotè yo, biwo nou an konekte travayè yo ak resous ki pèmèt yo revandike dwa yo nan espas travay la.

Gid Resous Imigran an se yon konpilasyon travay sa a. Gid la gen enfòmasyon sou dwa debaz nan espas travay, ansanm ak yon anyè òganizasyon ki gen misyon pou ede ak pwoteje travayè imigran yo. Nou vle asire ke tout travayè nan Vil Nouyòk la, ki gen ladan imigran yo, gen pouvwa pou revandike dwa nou genyen nan espas travay ki jis e ki an sekirite, epi nou espere Gid Resous sa a ap ba w materyèl ak resous pou fè sa.

Sensèman,



Claudia Henriquez
Direktris dwa travayè yo

Contents

Yon Mesaj ki sòti nan Biwo Kontwolè a	1
Mesaj Direktè a sou Dwa Travay yo.....	2
Konnen Dwa ou lè w ap Kominike avèk Sèvis Imigrasyon e Ladwàn (ICE)	4
Vyolasyon Tablo Kontwòl Patwon an: Eske Patwon m te Vyole Lalwa?	7
Pwoteksyon Travay.....	8
Salè Minimòm.....	9
Salè Anvigè.....	10
Orè Èdtan Travay.....	12
Dwa pou òganize ak pou negosye ansanm	13
Repètwa Òganizasyon yo	16

Pinga Bliye Avètisman Sa

Nou mete aksan sou enfòmasyon yo ki nan gid sa **a epi se pa** ak entansyon pou sèvi kòm konsèy legal, **anplis** ou pa dwe itilize li kòm konsèy legal. Gid sa a se yon resous ki bay enfòmasyon klè pou travayè imigran yo itilize kòm yon zouti edikasyonèl, e li fèt sèlman pou bay enfòmasyon.



Konnen Dwa ou lè w ap Kominike avèk Sèvis Imigrasyon e Ladwàn (ICE)

Anplis de dwa ou genyen nan espas travay la, travayè yo ki pa gen papyè ta dwe konnen dwa yo nan ka kote Ajan Imigrasyon ak Lapolis Ladwàn (ICE) oswa lòt otorite imigrasyon federal vini lakay ou oswa nan espas travay ou.

Èske ajans Vil Nouyòk yo kolabore ak Ajan Imigrasyon ak Lapolis Ladwàn (ICE)?

Daprè lwa lokal Vil Nouyòk, ajans gouvènman Vil Nouyòk, tankou Depatman Lapolis Vil Nouyòk (NYPD), pa kolabore ak Ajan Imigrasyon ak Lapolis Ladwàn (ICE), eksepte nan sitiyasyon limite. An jeneral, ajans vil yo pa mande enfòmasyon sou estati imigrasyon ou epi yo pa pataje enfòmasyon pèsònèl ou ak otorite ki jwe wòl pou fè respekte lwa imigrasyon yo. Anpil sèvis ak resous vil la disponib pou ou kèlkeswa estati imigrasyon ou.

Kilè Ofisye Imigrasyon ak Ladwàn kapab antre travay ou?

Ofisye Imigrasyon ak Ladwàn (ICE) kab antre nan zòn piblik ak nan travay ou san manda. Men yo pa kab antre legalman antre nan espas prive lye travay ou san yon manda tribinal (**yon jij oubyen yon majistra doyen**) oubyen pèmasyon patwon an. Espas prive yo jeneralman konsidere kòm espas kote piblik la pa kab antre, tankou sal repo oubyen espas depo.

Ki dwa mwen genyen si yon Ajan Imigrasyon ak Lapolis Ladwàn (ICE) apwoche m nan travay mwen?

1. Lè w ap kominike avèk yon Ofisye Imigrasyon ak Ladwàn (ICE), ou gen dwa rete an silans.
2. Ou gen dwa refize bay konsantman pou yon Ofisye Imigrasyon ak Ladwàn (ICE) fouye pòch ou oubyen zafè pèsònèl ou yo, lè w di: **«Mwen pa bay konsantman pou fouy la.»**
3. Si yon Ofisye Imigrasyon ak Ladwàn (ICE) mete w an detansyon, ou ka fè yo konnen nenpòt bezwen medikal ou

ta kab genyen oubyen si w bezwen pran dispozisyon pou gadri timoun ou yo oubyen granmoun ki sou kont ou yo.

4. Ou kab fè demand pou yon entèprèt nan lang matènèl ou, pou nenpòt konvèsasyon oubyen odyans avèk Ofisye Imigrasyon ak Ladwann (ICE).
5. Ou gen dwa pou w pale ak yon avoka anvan w siyen kelkeswa dokiman oubyen reponn nenpòt kesyon.

Kisa mwen kapab fè si Ajan Imigrasyon ak Lapolis Ladwàn (ICE) yo lakay mwen?

1. Rete kalm. Ou pa obije louvri pòt la sof si yo montre w yon manda. Menm si ou louvri pòt la, sa pa vle di ou bay ajan ICE yo pèmisyon pou yo antre lakay ou. Ou gen dwa pale avèk yo dèyè pòt la. Ou pa obije kite ajan imigrasyon yo antre lakay ou sof si yo gen yon manda rechèch tribinal oswa yon manda arestasyon ki nonmen yon moun ki nan rezidans ou ak/oswa zòn yo dwe fouye nan adrès ou a.
2. Lè ajan yo nan pòt la, ou gen dwa mande (oswa mande yon moun lakay ou pou mande) kesyon sa yo:
 - a. Èske yo se ajan imigrasyon?
 - b. Poukisa yo vini lakay ou?
 - c. Èske yo kab montre w yon badj oswa yon idantifikasyon atravè fenèt la oswa twou pòt la.
 - d. Èske yo gen yon manda siyen pa yon jij? Si yo di wi, ou ka mande yo pou yo glise l anba pòt la oswa kenbe l devan yon fenèt pou ou kab enspekte l.
3. Ou gen dwa pou pa janm di anyen, menm si yo gen yon manda.
4. Pa bay manti oswa pa pwodui okenn fo dokiman. Ou pa gen pou siyen anyen san ou pa pale ak yon avoka anvan.

Ki dwa mwen genyen si yon Ajan Imigrasyon ak Lapolis Ladwàn (ICE) kanpe mwen lè m ap deplase oswa nan yon kote piblik?

1. Rete kalm. Pa kouri, pa fè diskisyon, oswa pa anpeche ajan an fè travay li. Kenbe men ou anlè kote yo kab wè yo.

2. Ou gen dwa pou pa janm di anyen. Si ou vle egzèse dwa sa a, di sa a byen fò.
3. Ou pa oblije reponn kesyon sou nan ki peyi ou te fèt, si ou se yon sitwayen Etazini, oswa ki jan ou te antre nan peyi a.
4. Nan yon machin, chofè ak pasaje gen dwa rete an silans. Si ou se yon pasaje, ou kab mande si ou lib pou ou kab desann machin lan. Si ofisye a di wi, ou ka ale avèk kalm.

Ki kote m kab aprann plis bagay sou dwa m yo?

Ou kapab konekte avèk sèvis legal gratis ki finanse pa vil la nan Biwo Majistra pou Afè Imigran yo lè ou rele 800-354-0365, oswa rele 311 epi di “Imigrasyon Legal”, **9 vè nan maten jouk rive 6 zè nan lapremidi**, lendi **rive** vandredi.

Pou plis enfòmasyon, vizite sitwèb “Biwo Majistra a pou Zafè Imigran yo” «Konnen dwa w: Aplikasyon Lalwa Federal sou Imigrasyon»³.

³ See <https://www.nyc.gov/site/immigrants/legal-resources/know-your-rights-federal-immigration-enforcement-ice.page>



Vyolasyon Tablo Kontwòl Patwon an: Eske Patwon m te Vyole Lwa a?

Tablo Kontwòl vyolasyon anplwayè Kontwòlè Vil Nouyòk la se premye zouti transparans ak responsablite pou suiv epi analize vyolasyon nan espas travay atravè senk (5) awondisman yo, pa mwayen ajans ki aplike lalwa federal, eta ak minisipal yo. Ou ka fè yon rechèch pou wè si patwon w la te komèt kèk vyolasyon nan espas travay la ant 2020 ak 2024.

Lwa pwoteksyon travayè ki enkli nan Tablo Kontwòl sa a se:

- **Espas travay ki an sekirite e ki an sante**
- **Salè pou tout èdtan travay**
- **Òganize travayè yo epi mete yo nan sendika san entèferans ilegal**
- **Lye travay san diskriminasyon ak asèlman**
- **Konje maladi ak konje sekirite peye**
- **Semèn travay ki sèlman pou travayè manje rapid yo, komès an detay ak sekirite sèvis piblik yo**
- **Salè ki anvigè sou travay piblik yo**

Pou wè dosye patwon w lan konsènan lwa travay minisipal, eta ak federal nan Nouyòk depi 2023, eskane kòd QR ki anba a oubyen ale sou:

comptroller.nyc.gov/employer-violations





Pwoteksyon Travay

Vil Nouyòk gen kèk nan pwoteksyon travay ki pi solid nan peyi Etazini. Lalwa yo pou travay Vil Nouyòk la aplike pou travayè kèlkeswa estatimigrasyon li aplikab pou ou tou. An plis lwa solid sou salè minimòm lan ak lè siplemanntè yo ki aplike pou travayè atravè eta a, vil la egzije patwon yo pou bay tout travayè yo sekirite ak konje maladi. Vil la ofri tou gwo pwoteksyon pou travayè nan kèk sektè patikilye. Pa egzanp, travayè ki fè livrezon manje ki sèvi ak aplikasyon yo gen dwa a yon salè minimum; epi pami lòt dwa sa yo, travayè yo ki bay sèvis manje rapid yo, pwoteje kont revokasyon san yon rezon valab.

Pwoteksyon travayè Vil Nouyòk yo dekri nan «Deklarasyon Dwa Travayè yo», yon gid konplè ki tabli, nan yon sèl kote, tout lwa pwoteksyon travayè yo aplike pa ajans vil ak eta nan vil Nouyòk, ki te kreye pa Depatman Pwoteksyon Konsomatè ak Travayè Vil Nouyòk (DCWP). Ou ka jwenn aksè nan Deklarasyon Dwa Travayè yo, lè w vizite sitwèb Depatman Pwoteksyon Konsomatè ak Travayè Vil Nouyòk la⁴.

Nou mete aksan sou enfòmasyon ki prezante nan gid sa a, **li pa fèt ak entansyon pou reprezante konsèy legal**, se poutèt sa **yo pa dwe itilize oswa konsidere kòm konsèy legal**. Gid sa a se yon resous ki la pou travayè imigran yo ka itilize kòm yon zouti edikatif, epi li fèt **pou rezon enfòmasyon sèlman**.

⁴ See <https://www.nyc.gov/site/dca/workers/workersrights/know-your-worker-rights.page>

Salè Nòmàl

Lwa Eta Nouyòk la fikse salè minimòm pou vil Nouyòk la, epi Depatman Travay Eta Nouyòk (NYS DOL) aplike l.

2025: \$16.50 pou chak inèdtan

2026: \$17.00 pou chak inèdtan

To salè sa a aplike pou tout travayè, kèlkeswa estati imigrasyon yo, e sa vle di yon travayè pa kapab peye mwens pase montan salè minimòm lan pou chak èdtan li travay.

Li pa fè yon diferans si travayè a ap travay aplentan (40 èdtan pa semèn) oswa a tan pasyèl (mwens pase 40 èdtan pa semèn). Nan tou de senaryo sa yo, travayè yo dwe touche omwen salè minimòm chak èdtan an.

Gen kèk pwofesyon kote to salè minimòm lan kab pi ba oswa pi wo selon endistri a. Pou plis detay, vizite sitwèb Depatman Travay Eta New York la (NYS DOL)⁵ pou aprann sou salè minimòm. Depatman Travay Eta New York (NYS DOL) bay yon zouti sou Entènèt⁶ tou pou chache tarif pou èdtan pou chak endistri.

Pou pifò anplwaye ki pa sou salè, lè sipleman⁷ yo peye inèdtan edmi to salè regilye a pou nenpòt travay ki depase 40 èdtan pa semèn. Pa egzanp, yon travayè k ap touche \$17.00 pa èdtan dwe peye \$25.50 pou chak èdtan sipleman⁷, ki se $\$17.00 \times 1.5$.

Anplwayè yo dwe bay travayè yo tou:

- Yon **pèman notifikasyon**⁷ kan yo anplwa; epi
- Yon **dokiman ki detaye salè**⁸ yon anplwaye (souch check) (chak jou pèman)

Salè Minimòm Ipotetik Senaryo

Zuni se yon nouvo **maniki ak pediki** teknisyen ki fèk kòmanse travay nan yon ti salon **bote** nan Jackson Heights. Li travay 25 èdtan pa semèn. **Patwon** Zuni te di **manmzèl ke l ap peye li**, sèlman lè li gen

⁵ See <https://dol.ny.gov/minimum-wage-0>

⁶ See <https://ux.labor.ny.gov/minimum-wage-lookup/>

⁷ See <https://dol.ny.gov/notice-pay-rate>

⁸ See <https://dol.ny.gov/system/files/documents/2024/12/ls49.pdf>

yon kliyan chita devan li. Nan fen de premye semèn li yo, Zuni te pase 25 èdtan nan salon an chak semèn epi li te ede lòt teknisyen, netwaye boutik la, fè komisyon pou patwon li a, epi li te sèvi yon total de 20 kliyan. Patwon Zuni a te peye li yon total de \$330 (\$16.50 x 20 kliyan). Èske Zuni te **jwen rekonpans li kòrèkteman?**

- **Non!** Zuni pa jwenn yon **bon rekonpans**. Patwon manmzèl peye li sèlman pou tan li te pase ap sèvi kliyan **yo**. An 2025, lwa salè minimòm lan egzije pou **yo peye** Zuni \$16.50 pa èdtan **men non pa pou chak grenn** kliyan. Zuni ta dwe jwenn **kòm** konpansasyon \$16.50 pou chak nan 25 èdtan li te travay chak semèn. Salè total li pou de semèn yo ta dwe \$825.00.

Si ou kwè anplwayè ou ap vyole lwa salè minimòm yo, ou ka depoze yon plent ak Depatman Travay Leta Nouyòk (NYS DOL). Pou plis enfòmasyon sou kijan pou depoze yon plent pou salè ki pa peye, vizite sit wèb Depatman Travay Leta Nouyòk la nan <https://dol.ny.gov> oswa rele (888) 469-7365.⁹

Salè Anvigè

Tèm «salè aktyèl» la vle di salè ak to benefis ki aplike pou travayè ki fè yon travay patikilye ki finanse pa piblik la. Sa gen ladan l:

- Konstriksyon pwojè travo piblik yo, tankou konstriksyon lekòl, wout, ak pak ki finanse pa gouvènman vil la;
- Konstriksyon projè travo piblik nan bilding yo, tankou netwayè yo, pòtye yo, ki sou kontra avèk ajans vil la epi chantye ki resewva kèk benefis nan tasks;
- Gen kèk sèvis nan kontra gouvènman vil la, tankou sèvis manje ak sèvis tanporè;
- Ajan sekirite ki gen kontra avèk vil la, travay nan ebèjman pou sanzabri yo.

Biwo Kontwolè Vil Nouyòk la fikse e fè respekte to salè a ak benefis yo. Yo baze sou salè travayè sendika yo nan sektè prive a, epi anjeneral yo siyifikativman pi wo pase salè minimòm lan. Pa egzanp, si yon patwon gen yon kontra ak vil la pou konstwi yon lekòl oswa

⁹ See <https://dol.ny.gov/unpaidwithheld-wages-and-wage-supplements>

bay antretyen nan yon bilding k ap resevwa sèten egzantsyon taks leta; travayè sa yo dwe touche to salè ki anvigè an. Tout sa depan de kalite travay ki fèt la, pou kèk metye espesyalize, salè anvigè a kab rive jiska \$100 pa èdtan.

To salè aktyèl la ak to benefis sosyal ki anvigè yo fikse epi aplike pa Biwo Kontwolè Kont Vil Nouyòk la. Yo baze sou salè travayè sendikalize nan sektè prive a touche epi jeneralman yo byen pi wo pase salè minimòm nan. Pa egzanp, si yon anplwayè gen yon kontra ak vil la pou konstwi yon lekòl oswa asire antretyen yon bilding ki benefisye sèten ekzanpsyon fiskal leta a, travayè sa yo dwe resevwa salè an vigè a¹⁰. Selon kalite travay ki fèt la, pou sèten metye espesyalize, salè anvigè a kab rive \$100 pa èdtan.

An plis to salè anvigè a, lalwa ekzije pou travayè yo resevwa yon montan anplis kòm benefis siplemantè. Sa yo ka pran fòm benefis reyèl, tankou pansyon oswa asirans maladi, oswa yon alokasyon lajan kach. Kantite kob benefis patwon an oblije peye a endike nan barem salè anvigè kontwolè a. Dwa sa yo aplikab pou tout travayè kèlkeswa sitiyasyon imigrasyon yo.

Si ou panse patwon w la ap vyole lwa sou salè anvigè yo, ou ka depoze yon plent nan Biwo Kontwolè Kont Vil Nouyòk la, kan w ranpli yon fòm pou pote plent sou sit entènèt la¹¹. Si ou gen kesyon, ou ka rele biwo nou an nan (212) 669-4443.

Remak! Ou dwe aji rapidman si ou sispèk oswa aprann ke yo vòlè salè w. Biwo Dwa Travay ki nan Biwo Kontwolè kap gere Kont Vil Nouyòk la ka sèlman mennen ankèt epi «remoute» sou dezan apati dat ou depoze plent ou an. Pa egzanp, si ou depoze yon plent an novamb 2025, ankèt Biwo a ka sèlman remoute jis novanm 2023, menmsi ou te sibi vyolasyon anvan dat sa a.

Vizite sitwèb Biwo Kontwolè kap gere Kont Vil Nouyòk¹² la pou plis enfòmasyon sou salè an vigè ak dwa travayè yo.

¹⁰ See <https://comptroller.nyc.gov/services/for-the-public/workers-rights/wage-schedules/>

¹¹ See <https://comptroller.nyc.gov/services/for-the-public/workers-rights/file-a-complaint/>

¹² See <https://comptroller.nyc.gov/services/for-the-public/workers-rights/overview/>

Orè Èdtan Travay

Ou kab pwoteje tèt ou kont vòl salè ak lòt fòm vyolasyon dwa travayè yo lè w kenbe yon dosye sou enfòmasyon patwon w lan epi suiv lè travay ou yo.

Lè w anrejistre èdtan travay ou yo nan yon fèy suivi tan travay yo, sa ap pèmèt ou konpare tan ou te travay la ak pèman ou dwe resevwa a. Ou kab konfime si yo peye w pou chak èdtan ou travay epi si yo peye w lè siplemantè si ou te travay plis pase 40 èdtan pa semèn travay la.

Li enpòtan tou pou travayè yo suiv non ak kontak enfòmasyon patwon yo. Nan kèk ka, yon sipèvizè oswa yon manadjè kab pa pwopriyetè biznis la, ajans lan oswa konpayi an. Si yon patwon pa peye w pou travay ou fè a, w ap bezwen non ak kontak enfòmasyon li pou w kab pran mezi pou ekzije peman w. Si patwon w lan refize pataje kontak enfòmasyon li, ou kab note nimewo plak machin li, ki kab itilize pou idantifye pwopriyetè a.

Selon sektè aktivite a, kèk travay ka fèt nan plizyè kote. Suiv enfòmasyon tankou adrès chantye a, si sa aplikab. Ou ka pran yon foto pano lari yo ak pwèn repè ki toupre yo, sa ki ka ede idantifye kote travay la ye, si patwon an pa vle pataje adrès li.

Anplis de sa, Ministè Travay Etazini (US DOL) gen yon aplikasyon “fichye tan”¹³ ke travayè yo kab itilize sou telefòn yo pou suiv kantite lè travay yo.

¹³ See <https://www.dol.gov/agencies/whd/timesheet-app>

Dwa pou òganize ak pou negosye ansanm.

Anba lalwa federal sou travay, pifò travayè yo gen dwa reyini epi òganize tèt yo, nan espas travay la pou pi bon kondisyon travay. Lwa Nasyonal sou Relasyon Travay (NLRA) pwoteje dwa travayè yo pou yo pataje enfòmasyon, siyen petisyon, epi chache amelyore kondisyon travay yo lè yo fòme yon sendika. Patwon yo pa kab pran reprezay kont ou paske ou patisipe nan yon jèfò kolektif pou jwenn pi bon sale; yon espas travay ki pi an sekirite, pou detèmine si wi ou non pou gen yon sendika kòm reprezantan sendikal, epi patisipe nan negosyasyon kolektif kontra yo.

Patwon yo ak sendika yo pa kab mete restriksyon oswa fòse anplwaye yo ki ap ekzèse dwa yo anba Lwa Nasyonal sou Relasyon Travay la. Nan yon espas travay ki gen sendika, kote majorite travayè yo vote pou fòme yon sendika, lalwa ekzije pou patwon an ak sendika a negosye tout bon sou kondisyon travay yo pou rive nan yon akò

• Kòman sa fonksyone?

Pou kòmanse pwosesis pou fòme yon sendika, ou kab kontakte yon òganizatè sendika pou gide ou. Ou ka kontakte òganizasyon ki nan lis nan seksyon gid sa a pou ede ou konekte ak yonn nan yo. Apre sa, lè y ap travay avèk oumenm ak kòlèg ou yo, òganizatè yo pral konvenk omwen yon majorite travayè pou yo rantr nan sendika a, swa atravè eleksyon oswa atravè rekonesans volontè. Si sa reyalize, ou menm ak sendika ou a kab kòmanse negosye kolektivman ak patwon ou an.

Vizite sit entènèt NLRB¹⁴ a pou plis enfòmasyon sou fason pou fòme yon sendika. Pou enfòmasyon jeneral, ou kab rele: (844-762-6572). Telechaje feyè Etap Debaz pou Fòme yon Sendika ak lòt bwochi ki disponib nan plizyè lang¹⁵.

Si patwon yo pa respekte dwa òganizasyon ki pwoteje pa Lwa Nasyonal sou Relasyon Travay la, ou kab kontakte biwo rejyonal ki koresponn lan pou depoze yon plent pou Pratik Travay ki Pa Lwayal (ULP). Nan New York, gen de biwo rejyonal: Biwo Rejyonal

¹⁴ See <https://www.nlrb.gov/guidance/key-reference-materials/steps-for-filing-a-petition>

¹⁵ Pou telechaje bwochi (depliyen) an nan plizyè lang, fòk ou klike sou "other languages" ki nan kwen anlè sit wèb la epi chwazi lang ou renmen an. Ansuit seleksyone tout livrè yo ou ta vle aksede (gen aksè).

02 a kouvri Manhattan ak Bronx, alòske Biwo Rejyonal 29 la kouvri Queens, Brooklyn, ak Staten Island:

- **Biwo rejyonal 02, Manhattan, NY**

26 Federal Plaza, Ste 41-120

New York, NY 10278-0104

Tel: (212) 264-0300

Faks: (212) 264-2450

8h45 - 17h15 HE

- **Biwo rejyonal 29 - Brooklyn, NY**

One Metrotech Center, 20yèm etaj

Suite 2000, Brooklyn, NY 11201-3948

Tel: (718) 330-7713

Faks: (718) 330-7579

9h00 - 17h30 HE

Etap Debaz yo pou Fòmè yon Sendika

Anba Lwa Nasyonal konsènan Relasyon Travay, travayè yo gen dwa pou fòmè sendika nan anpil fason—men rekonesans volontè ak eleksyon NLRB pou gen yon sendika anplas se chemen ki pi komen yo.

Etap Debaz yo pou Fòmè yon Sendika avèk Rekonesans Volontè



1

Kontakte yon òganizasyon sendika oswa kòmanse pwòp sendika ou.

2

Mande yon majorite kamarad travay ou pou yo siyen kat otorizasyon sendika.

3

Mande patwon ou pou li bay rekonesans volontè.

4

Si patwon ou rekonèt sendika a, ou kapab kòmanse negosye.

5

Si patwon ou refize rekonèt sendika a, ou kapab depoze yon petisyon pou gen yon eleksyon avèk NLRB oswa ou kapab fè yon grèv pou jwenn rekonesans lan.

Etap Debaz yo pou Fòmè yon Sendika Avèk yon Eleksyon NLRB



1

Kontakte yon òganizasyon sendika oswa

2

Mande omwen 30% kamarad travay ou pou yo siyen kat otorizasyon sendika.

3

Depoze yon petisyon pou gen yon eleksyon

4

Si sendika a genyen avèk 50% +1 vòt ki ekspriye, patwon ou dwe negosye an bòn-fwa sou kondisyon travay



Kontakte Biwo Rejyonal NLRB ki pi pre ou pou jwenn plis enfòmasyon:
go.usa.gov/xt3MU



Adhikaar pou Dwa Moun ak Jistis Sosyal

Teyori chanjman Adhikaar la se bay sèvis, defann dwa, ak òganize. Depi 2005, Adhikaar angaje l pou amelyore lavi kominote moun ki pale Nepalè yo epi pou fè vwa yo tandè nan mouvman jistis sosyal la. Adhikaar, ki vle di «dwa» an Nepalè, se yon sant kominotè ak travayè ki gen fanm kòm lidè, ki bay sèvis dirèk pou kominote moun ki pale Nepalè yo ak òganize travayè ki gen ti salè ak manm kominote ki afekte yo pou ankouraje jistis sosyal ak dwa moun. Misyon Adhikaar se kreye aksè ak enfòmasyon, bati lidèchip kominotè, ak devlope pouvwa kolektif pou genyen dwa pou kominote nou yo, ansanm ak diyite ak egalite pou tout moun. Adhikaar defini kominote moun ki pale Nepalè yo kòm desandan Nepal, Boutan, peyi Zend, Burma, ak Tibet ki pale Nepalè.

📍 71-07 Woodside Avenue, Woodside, NY 11377

☎ (718) 937-1117

✉ info@adhikaar.org

🔗 <https://adhikaar.org/#about>

✂ @adhikaar

📞 Apèl telefonik, Kourye elektwonik (imèl)

Konsèy Konsiltatif Afriken (KKA)

Konsèy Konsiltatif Afriken (KKA) prezidan ki nan awondisman Bronx la gen pou objektif sèvi kominote imigran afriken an nan tout domèn.

-  851 Grand Concourse, Bronx, NY 10451
-  (347) 313-5568
-  Sidikidonz02@yahoo.com
-  Apèl ak imèl.

Kominote Afriken Reyini (ACT)

Kominote Afriken Ansanm yo (African Communities Together (ACT) se yon òganizasyon imigran Afriken

k ap batay pou dwa sivil, opòtinite, ak yon pi bon lavi pou fanmi Afriken isit la Ozetazini ak atravè lemond. ACT bay imigran Afriken yo pouvwa pou yo entegre sosyalman, avanse ekonomikman, ak angaje yo nan aktivite sivik. ACT konekte imigran Afriken yo ak sèvis kritik, ede Afriken yo devlope kòm lidè, epi òganize kominote nou yo sou pwoblèm ki enpòtan yo.

-  127 W 127th Street, Suite 221, New York, NY 10027
-  (347) 746-2281
-  info@africans.us
-  <https://africans.us/>
-  <https://www.threads.net/@africansus>
-  @AfricansUS
-  Imèl, apèl telefonik, vizit san randevou.

Komite Sèvis Afriken yo

Komite Sèvis Afriken yo se yon òganizasyon kominotè ki dedye a ede imigran, refijye ak moun k ap chèche azil nan tout dyaspora afriken an.

📍 429 W 127th Street 3rd Floor, New York, NY 10027

☎ (917) 246-2110

✉ health@africanservices.org

🔗 <https://africanservices.org/>

👤 Imèl, apèl telefonik, WhatsApp, vizit san randevou.

Alyans Travayè Sid Azyatik Ameriken yo

ASAAL se yon òganizasyon defans dwa ki asire jistis, respè, diyite, ak opòtinite pou pwogrè, nan tout aspè lavi a, tankou nan espas travay la, pou tout travayè Sid Azyatik yo. Dezi ASAAL se bay kominote Sid Azyatik la pouvwa pou manm li yo ka jwenn resous yo te touche atravè volontarya yo, travay di ak devouman yo. ASAAL vle kominote Sid Azyatik Ameriken an grandi epi pwospere menm jan lòt kominote yo te fè anvan yo.

📍 88-74 195th Street, Hollis, NY 11423

☎ (917) 558-0966

✉ Asaal08@gmail.com

🔗 www.ASAAL.org

✂ @asaal08

👤 Imèl, SMS.

Sant Kominotè APNA nan Brooklyn

Misyon Sant Kominotè APNA nan Brooklyn se edikasyon, angajman ak otonomi kominote a. Depi kreyasyon li an 2017, APNA te imedyatman lanse pwojè ki vize reponn a bezwen rezidan ki gen ti revni, granmoun aje yo ak/oswa moun ki gen yon metriz limite nan lang angle. Chak jou, APNA bay asistans a manm kominote a, tankou granmoun aje yo ak moun ki izole akòz ti revni, andikap ak baryè lang, pou yo jwenn aksè a benefis kounye a; reponn a sityasyon kriz ak jwenn aksè a sèvis ki ofri pa ajans minisipal ak leta yo ak patnè kominotè yo. Pandan lane yo pase, APNA te entwodui, lanse ak devlope avèk siksè pwogram ki destine pou kominote ki pa jwenn ase sèvis ak ki pa byen reprezante, tankou aksè a dwa ak jesyon ka, sèvis pou granmoun aje, distribisyon manje, sèvis sipò pou viktim vyolans domestik, sèvis sipò pou imigrasyon, angajman sivik ak enskripsyon elektè, sèvis tradiksyon ak entèpretasyon, edikasyon pou granmoun ak enklizyon dijital, pwogram angajman ak devlopman pou jèn yo, pwogram sante mantal ak espò ak evènman kominotè ak kiltirèl an patenarya ak anpil ajans minisipal ak leta, patnè CBO lokal yo ak moun ki eli yo. APNA se yon pyonyè nan vil la pou lanse livrezon pwodui episri etnik lakay granmoun aje yo ak moun ki oblije rete lakay yo e pou lanse vwayaj mansyèl pou granmoun aje yo an 2024.

📍 236 Neptune Avenue, 2yèm etaj, Brooklyn, NY 11235

☎ (718) 684-8807

✉ info@apnabrooklyn.com

🔗 www.apnabrooklyn.com

<https://www.facebook.com/Apnacenter/>

✂ @Brooklynapna

👤 Apèl telefonik, imèl, vizit san randevou

Sèvis Migrasyon Katolik (CMS)

Sèvis Katolik Migrasyon se yon founisè sèvis legal ki pa gen pwofi ki angaje nan pwomosyon jistis ak konpasyon. Etabli an 1971, CMS se youn nan founisè sèvis legal ki pi ansyen e ki pi respekte nan vil Nouyòk. CMS bay sèvis legal gratis, sèvis òganizasyon lokatè ak edikasyon legal kominotè a pou Nouyòkè ki gen ti revni, san distenksyon ras, relijyon, orijin etnik, orijin nasyonal oswa sitiyasyon imigrasyon. Nan ofri sèvis sa yo, CMS ap chache pwomouvwa egalite ak jistis sosyal pou tout moun, tankou moun ki pi majinalize yo.

-  47-01 Queens Blvd., Suite 203, Sunnyside, NY 11104
-  (347) 472-3500
-  www.catholicmigration.org
-  @CMSBQ
-  Apèl telefonik

Asosyasyon Carroll Gardens

Asosyasyon Carroll Gardens se yon sant travayè ki gen pou objektif , ankouraje yon kominote kote rezidan yo ak fanmi yo ki gen tout nivo revni nan katye Sidwès Brooklyn kab viv, travay, ak pwospere. Asosyasyon Carroll Gardens Inc. reyalize misyon sa a lè li prezève ak devlope lojman abòdab, ranfòse bon pratik jesyon lojman, ankouraje devlopman ekonomik ti biznis, epi bay rezidan yo sèvis sosyal ak resous pou amelyore kalite lavi yo.

-  201 Columbia Street, Brooklyn, NY 11231
-  (718) 243-9301
-  domesticworkers@cganyc.org
-  <https://www.carrollgardensassociation.com/>
-  @CGA_NPC
-  Imèl, apèl telefonik, vizit san randevou.

Federation Azyatik Meriken (AAF)

AAF se yon òganizasyon defans dwa ki santre sou anplifikasyon enfliyans ak amelyorasyon byennèt kominote pan-azyatik meriken an. AAF angaje li pou mennen chanjman nan rechèch, defans politik, sansibilizasyon piblik ak sipò pou òganizasyon ki pa nan pwofi.

 120 Wall Street, New York, NY 10005

 (212) 344-5878

 info@aafederation.org

 <https://www.aafederation.org/about-us/>

 @AAFederation

 Imèl

Sant Resous Edikatif pou Granmoun (CREA)

CREA reponn a bezwen edikatif imigran granmoun ki pale panyòl. CREA sèvi plis pase 250 elèv atravè vil la, li ofri opòtinite edikasyon a yon kominote imigran ki soti nan divès peyi Amerik Santral ak Amerik di Sid. Objektif prensipal CREA se bay manm kominote sa a kou pou amelyore edikasyon fòmèl yo nan lang matènèl yo epi pou yo metrize anglè kòm dezyèm lang. CREA prepare tou elèv yo pou yo jwenn yon diplòm ekivalans etid segondè epi li ba yo sipò pou pouswiv etid post-segondè yo. Yon lòt bagay ki enpòtan, CREA ofri devlopman lidèchip, konsèy endividyèl, referans pou sèvis sosyal ak sipò ant kamarad.

 158 East 115th Street, New York, NY 10029

 (929) 270-7741

 info@creany.org

 <https://www.creany.org/>

 Imèl, apèl telefonik

Konsèy Planifikasyon Chinwa-Ameriken

Misyon Chinese-American Planning Council la ankouraje otonomi sosyal ak ekonomik kominote sino-ameriken yo, imigran yo ak moun ki gen ti mwayen yo.

Biwo prensipal:	 45 Suffolk Street, New York, NY 10002
	 (212) 941-0920
Sant Kominotè Brooklyn	 4101 8th Avenue, 4th Floor, Brooklyn, NY 11232
	 (718) 492-0409 (Brooklyn Community Center)
Sant Kominotè Queens:	 133-14 41st Avenue, Flushing, NY 11355
	 (718) 358-8899 (Queens Community Center)

 info@cpc-nyc.org

 <https://cpc-nyc.org/>

 @cpc_nyc

 Apèl telefonik

Konsòsyòm pou Edikasyon Travayè

Konsòsyòm pou Edikasyon Travayè (Consortium for Worker Education (CWE bay travayè Vil Nouyòk yo pouvwa atravè edikasyon, fòmasyon, gadri, ak sèvis plasman travay. Antanke branch devlopman mendèv Konsèy Santral Travay NYC a, CWE sipòte 40 sendika travayè ak branch lokal empòtan yo chak ane. Anplis de sa, CWE opere yon rezo 52 patnè kominotè nan tout senk awondisman yo, bay yon seri sèvis esansyèl pou prepare Nouyòkè yo pou mendèv travay la.

 305 7th Ave 4th floor, New York, NY 10001

 (212) 647-1900

 info@cwe.org

 <https://www.cwenet.net/>

 @CWENYC

 Imèl

Konstriksyon ak Bilding Jeneral, Travayè Lokal 79)

Sendika travayè konstriksyon ak bilding jeneral, seksyon lokal 79, ki sèvi senk awondisman vil New York la, te kreye an 1996 pa konsolidasyon dis seksyon ti travayè lokal. Seksyon lokal 79 gen plis pase 10 000 manm aktif ak retirete kounye a epi li se pi gwo sendika lokal travayè konstriksyon nan Etazini.

📍 131 West 33rd Street, New York, NY 10001

☎ (347) 344-8577

✉ agonzalez@local79.org

🔗 <https://www.local79.org/>

🌐 <https://www.threads.net/@laborers79>

✂ @local79nyc

🗣 Mesaj tèks, apèl telefonik,

Asosyasyon travayè migran Damayan

Asosyasyon Travayè Migran Damayan an òganize travayè Filipin ki touche ti salè pou konbat trafik travayè, ankouraje dwa moun ak dwa travayè yo, epi devlope lidè jistis sosyal.

📍 406 West 40th Street 3rd floor, New York, NY 10018

☎ (212) 564-6057

✉ contact@damayanmigrants.org

🔗 damayanmigrants.org

✂ @DamayanMigrants

🗣 Apèl telefonik, vizit san randevou, mesaj vokal, imèl

DRUM – Desis Leve Kanpe epi Avanse Rising Up & Moving

DRUM òganize travayè Sid Azyatik ak Indo-Karibeyen ki touche ti salè pou chanjman politik, defans dwa, sipò sosyal ak sèvis.

📍 72-18 Roosevelt Avenue, Jackson Heights, NY 11372

📞 (718) 205-3036

✉ info@drumnyc.org

🔗 www.drumnyc.org

✂ @desisrisingup

📠 Apèl telefonik

La Colmena

La Colmena se yon òganizasyon kominotè san bi likratif ki travay avèk jounalye, travayè domestik ak lòt travayè imigran ki touche ti salè nan Staten Island atravè òganizasyon, edikasyon, kilti ak devlopman ekonomik ekitab.

📍 774 Port Richmond Ave, New York, NY 10302

📞 (718) 442-7700

✉ info@lacolmenanyc.org

🔗 https://www.lacolmenanyc.org/

✂ @lacolmenanyc

📠 Imèl, vizit san randevou

Alyans Edikasyonel (AE)

Alyans Edikasyonel, youn nan premye imèb akèy nan vil Nouyòk, te fonde an 1889 pou ofri sèvis edikatif, sosyal ak kiltirèl bay imigran jwif ki te rive nan Lower East Side. Jodi a, EA se yon enstitisyon jwif fyè ki travay an patenarya avèk divès kominote nan Lower Manhattan. Nou ofri Nouyòkè yo yon pwogram transfòmasyon ki gen anpil kalite ki amelyore byennèt yo ak opòtinite sosyo-ekonomik yo, ki reflekte konviksyon nou ke chak moun nan vil nou an ta dwe resevwa zouti ki nesèsè pou yo reyisi.

📍 197 East Broadway, New York, NY 10002

📞 (646) 395-4246

✉️ resourcecenter@edalliance.org

🔗 <https://edalliance.org/our-impact-2/asylum-seekers/>

✂️ @EdAlliance

🗣️ Apèl telefonik, vizit san randevou.

Otowout, Wout, Konstriksyon Riyèl, Inyon Lokal Travayè 1010 yo

Sendika lokal travayè 1010 la te kreye pa sendika entènasyonal travayè Amerik di Nò an 1937. Pou plis pase katreven sèt lane, seksyon lokal 1010 la se youn nan fòs prensipal yo sou pwojè konstriksyon wout ak gran otowout ki pi enpòtan ak ki pi rekonèt nan vil Nouyòk. Avèk plis pase 2,700 manm kounye a, manm seksyon lokal 1010 la kontinye fè travay avèk konpetans inik yo sou prèske tout wout, riyèl, gran otowout ak boulva nan vil Nouyòk.

📍 1720 Whitestone Expressway, Suite 200, Whitestone, NY 11357

📞 (718) 886-3310

✉️ erodriguez@local1010.org

🔗 <https://www.laborerslocal1010.com/>

✂️ @LIUNA1010

🗣️ Imèl, apèl telefonik

Sant Entèrelijye Nouyòk la (ICNY)

Pandan 27 dènye ane yo, Sant Entèrelijye Nouyòk la (ICNY) te konstwi rezo ki pi divès nan domèn relijyon ak ki pi angaje nan domèn sivik la ak lidè relijye lokal ak imigran nan senk awondisman yo. Sa yo enkli Nouyòk Mizilman, Sikh, Endou, Boudis, Kreyen, Jwif, Afro-Karayibyen ak Ameriken Natif Natal ki te patisipe nan youn oubyen plizyè retrèt nou yo sou jistis sosyal, pwogram edikasyon sou divèsite relijye nou yo pou travayè sosyal, pwofesè, avoka ak ajan NYPD, oubyen ki te rantre nan travay defans multi-relijye sou imigrasyon ak libète relijyon. Depi 2022, ICNY te distribye ti sibvansyon bay divès kominote relijye k ap travay pou sipòte nouvo imigran yo epi li te kreye yon kominote aprantisaj ki reyini vityèlman chak de mwa pou ofri yon refleksyon sou ekriti sakre yo pataje, resevwa epi bay asistans teknik epi rezoud pwoblèm, anplis devlope estrateji defans.

 475 Riverside Drive, Suite 540, New York, NY 10115

 (212) 870-3510

 info@interfaithcenter.org

 <https://interfaithcenter.org/>

 @ICNY

 Apèl telefonik, Imèl

Sèvis Kominotè Koreyen nan Nouyòk Metwopoliten, Inc. (KCS)

Korean Community Services prevwa yon mond kote kominote imigran yo rete anrasinen nan eritaj yo epi travay ak kominote an pou konstwi yon pi bon sosyete an jeneral. Misyon KCS se sèvi kòm yon pon pou imigran Koreyen yo ak kominote Azyatik la an jeneral pou yo entegre tèt yo nèt nan sosyete a epi simonte tout obstak ekonomik, sante ak lengwistik pou yo ka vin manm endepandan ak pwospè nan kominote a. Nou akonpli misyon sa a lè nou bay pwogram ki konpetan nan domèn kiltirèl nan domèn vyeyisman, edikasyon, imigrasyon, devlopman mendèv, sante piblik ak sante mantal.

📍 203-05 32 Ave, Queens, NY 11361

📞 (718) 939-6137

✉️ main@kcsny.org

🔗 <https://kcsny.org/>

✂️ @kcsny

📱 Imèl, SMS.

Sant Travayè Ki fè Lesiv Laundry Worker's Center

Sant Travayè ki fè Lesiv, se yon òganizasyon lokal san bi likratif ki defann epi asire devlopman lidèchip pou amelyore kondisyon lavi travayè imigran yo k ap travay e ki touche ti salè nan sèvis alimentè, lesiv ak antrepo (depo).

📍 42 Broadway, Suite 12-114, New York, NY 10004

📞 (866) 761-3207

✉️ laundryworkerscenter@gmail.com

🔗 www.lwcu.org

✂️ @LWC_workers

📱 Imèl, Apèl telefonik, DM Facebook

Sosyete Èd Legal

Sosyete Èd Legal sipòte Nouyòkè k ap travay ki touche ti salè pou asire ke yo ka touche yon salè desan epi patisipe nan ekonomi an sou menm pye egalite.

 199 Water Street, New York, NY 10038

 (888) 663-6880

 <https://legalaidnyc.org/what-we-do/upholding-worker-rights/>

 <https://www.threads.net/@legalaidnyc>

 @LegalAidNYC

 Apèl telefonik, 10:00 AM - 3:00 PM.

Fè wout la Nouyòk Make the Road New York

Fè wout la Nouyòk konsantre sou sipò ak defann manm kominote a, kèlkeswa sitiyasyon imigrasyon yo, ras yo oswa idantite sèks yo. Tout moun ki vin jwenn nou ak yon istwa pèsonèl abi ak eksplwatasyon dekouvri ke yo pa poukont yo - ke lè yo mete eksperyans ak vwa yo ansanm, yo ka konstwi pouvwa pou chanje non sèlman yon ka, men tou sistèm lan an antye.

 301 Grove Street, Brooklyn, NY 11237

 (718) 418-7690

 www.maketheroadny.org

 @MaketheRoadNY

 Apèl telefonik, Vizit san randevou

Masa

Modèl entegre Masa a, ki dirije pa kominote a, angaje tout fanmi an epi li baze sou yon angajman pwofon pou ranfòse alfabetizasyon, lidèchip ak pouvwa Meksiken yo, Sant Meriken yo ak pèp endijèn yo. Masa ankouraje yon kominote aprantisaj ki adapte kiltirèlman kote fanmi yo angaje yo nan pwogram sèvis dirèk ak defans dwa pou elimine obstak ki anpeche yo reyisi.

-  2770 Third Ave, 1st Floor, Bronx, NY 10455
-  (646) 481-5890
-  info@masany.org
-  www.masany.org
-  @masanyorg
-  Imèl, apèl telefonik, mesaj vokal, vizit san randevou

Kowalisyon Meksiken pou Otonomi Jèn ak Lafanmi yo

Kowalisyon Meksiken pou Otonomi Jèn ak Lafanmi yo sipòte kominote Latino-Meriken nan New York la. Chak ane, nou ede plis pase 18,000 fanmi. Pifò nan yo se imigran ak travayè esansyèl. Misyonnou se devlope kapasite endividyèl, òganizasyonèl ak kominotè ki pral pèmèt Latino ak Meriken ki gen orijin Meksiken reyalize tout entegrasyon sivil, kiltirèl ak politik yo nan sosyete Meriken an. Nou se yon patwon ak opòtinite egal.

-  371 E 150th Street, Bronx, NY 10455
-  (917) 600-1644
-  info@coalicionmexicana.org
-  <https://coalicionmexicana.org/>
-  @CoalicionMex
-  Imèl, SMS, vizit san randevou, apèl telefonik, WhatsApp.

Mixteca Organization Inc. Òganizasyon Mixteca

Òganizasyon Mixteca Inc. se yon òganis kominotè ki sitiye nan Sunset Park, New York. Li te kreye an 2000 pa yon gwoup manm kominote a ki te preyokipe pa bezwen esansyèl yo sou tèm sante, edikasyon, kesyon sosyal ak legal ke kominote imigran Meksiken ak Latino-Meriken an ap konfwonte nan Bwouklin.

📍 245 23rd Street, 2nd Floor, Brooklyn, NY 11215

☎ (718) 965-4795

✉ info@mixteca.org

🔗 <https://www.mixteca.org/>

✂ @MixtecaOrg

🗣 Apèl telefonik, vizit san randevou.

Alyans Nasyonal Travayè Domestik yo (NDWA)

(National Domestic Workers Alliance) - Chapit Nouyòk Alyans Nasyonal Travayè Domestik yo a leve vwa ak eksperyans travayè domestik Nouyòk yo atravè òganizasyon, rakonte istwa, devlopman mendèv ak devlopman lidèchip. Nou ofri fòmasyon sou dwa ou; sipò pou travayè domestik pou rekipere salè yo vòlè; fòmasyon lidèchip ak fòmasyon devlopman fòs travay. Chapit la bati yon baz manm miltirasyal, miltileng epi li gen ladan tou chapit Nou reve an nwa (We Dream in Black (WeDiB) la pou bay travayè domestik nwa yo pouvwa epi devlope lidèchip yo nan Nouyòk.

📍 45 Broadway, New York, NY 10006

☎ (646) 360-5806

✉ info@domesticworkers.org

🔗 <https://www.domesticworkers.org/>

✂ @domesticworkers

🗣 Apèl telefonik, imèl

Kominote Nouyòk pou Chanjman

Kominote Nouyòk pou Chanjman rasanble vwazen yo pou konstwi pouvwa kominotè a. Manm NYCC yo itilize pouvwa sa a pou amelyore lavi yo ak kominote yo. Nou itilize aksyon dirèk, defans lejislatif ak òganizasyon kominotè pou lite pou yon Nouyòk ki an sekirite e ki pi an sante.

-  470 Vanderbilt, Brooklyn, NY 11238
-  (347) 410-6919
-  info@nycommunities.org
-  www.nycommunities.org
-  @nychange
-  Imèl, apèl telefonik, vizit san randevou

(NICE) -- Bay Fòs ak Kapasite Nouvo Imigran nan Kominote a

NICE bay sèvis ak resous esansyèl pou anpeche eksplwatasyon travayè yo epi pou garanti respè sekirite ak dwa travayè yo. Pi enpòtan toujou, NICE pèmèt travayè yo òganize tèt yo nan kesyon kle ki gen enpak sou manm kominote a pou chanje enjistis sistematik y ap fè fas kare ak yo chak jou.

-  71-29 Roosevelt Avenue, Jackson Heights, NY 11372
-  (718) 205-1687
-  info@nynice.org
-  <https://www.nynice.org/>
-  @NICE4Workers
-  Imèl, apèl telefonik, vizit san randevou

Kowalisyon Imigrasyon Nouyòk (NYIC)

Depi kreyasyon li an 1987, New York Immigration Coalition (NYIC) an vin tounen yon vwa pisan nan defans dwa imigran yo; lè l ap dirije lwa ak politik inovatè pou amelyore lavi imigran yo ak tout Nouyòkè yo, sitou moun k ap viv nan kominote ki gen mwens revni yo. NYIC an te konstwi tou yon enfrastrikti nasyonal solid pandan lane anvan yo e kounye a li gen senk biwo nan Eta Nouyòk: Long Island, Hudson Valley, Capital Region, Central New York, Finger Lakes ak Western New York. Nan rejyon sa yo, pèsonèl NYIC an travay an kolaborasyon sere avèk òganizasyon manm prensipal yo pou gide pwogram politik lokal yo - ak enpak yo - ki elabore avèk kontribisyon dirèk kominote yo.

 131 W 33rd St, New York, NY 10001

 (212) 627-2227

 info@nyic.org

 <https://www.nyic.org/about-us/>

 <https://www.threads.net/@thenyic>

 @thenyic

 Imèl, apèl telefonik

Kowalisyon Zòn Nò Manatann pou Dwa Imigran yo

Depi 39 an, anplwaye Kowalisyon Zòn Nò Manatann pou Dwa Imigran yo ap travay pou edike, defann epi ranfòse imigran yo. Kowalisyon an adopte yon apwòch olistik anvè kliyan li yo sou fòm edikasyon, fòmasyon pwofesyonèl, sante mantal ak sèvis legal. Nan sant travayè yo a, imigran yo kab patisipe nan yon pwogram sètifikasyon OSHA-30 gratis, siyalisation, echafodaj ak penti, oubyen konekte ak patwon potansyèl yo.

 5030 Broadway, Suite 639, New York, NY 10034

 (212) 781-0355

 info@nmcir.org

 <https://nmcir.org>

 @NMCIR

 Imèl

NYCOSH - Komite Nouyòk pou Jere Sekirite ak Lasante

NYCOSH itilize fòmasyon, edikasyon ak defans pou amelyore kondisyon sante ak sekirite sou plas travay nou yo, nan kominote nou yo ak nan anviwònman nou an.

 14 Wall Street, Ste 5A, New York, NY 10005

 (212) 227-6440

 <https://nycosh.org/>

 @NYCOSH

 Apèl telefonik

Pwojè Aksyon Vann an Detay

Pwojè Aksyon an Detay ofri yon pwogram devlopman karyè ak mendèv pou pèmèt travayè yo devlope konpetans yo epi konnen dwa travay yo. Fòmasyon ak atelye Pwojè Aksyon an Detay yo gen ladan li Anglè kòm dezyèm lang (ESL), preparasyon pwofesyonèl, konpetans nan lavant an detay, dwa travayè yo anrapò ak salè ak orè, ak sante ak sekirite, ansanm ak yon varyete fòmasyon devlopman pèsònèl. Nou kolabore tou ak responsab rekritman ak òganizasyon mendèv pou òganize salon anplwa.

📍 370 Seventh Ave, Suite 501, New York, NY 10001

📞 (646) 490-5925

✉️ info@retailactionproject.org

🔗 <https://www.retailactionproject.org/>

✂️ @RetailAction

🗣️ Imèl, apèl telefonik, SMS, mesaj vocal.

Zòn Sid Bwonks Reyini, Inc.

Zòn Sid Bwonks Reyini ofri sipò akademik, preparasyon pou kolèj, asistans eskolè (mentora), devlopman mendèv, sèvis legal anrapò ak imigrasyon, ak plis ankò, tout pandan y ap itilize foutbòl kòm yon vektè chanjman sosyal.

 814 River Ave, Bronx, NY 10451

 (718) 404-9281

 info@southbronxunited.org

 <https://southbronxunited.org/>

 <https://www.threads.net/@southbronxunited>

 @SBronxUnited

 Imèl, apèl telefonik.

Pwojè Machan Lari nan Sant Jistis Iben (SVP)

Atravè reprezantasyon legal dirèk, fòmasyon pou ti biznis, sipò pou òganizasyon, devlopman lidèchip ak defans lejislatif estratejik, SVP ranfòse pouvwa ak kominote pami machann yo. SVP ofri machann ambilan yo sèvis sansibilizasyon ak edikasyon sou konfòmite pou pèmèt yo aprann lwa ak règleman lavant yo, epi li ofri sèvis pou biznis tankou fòmasyon finansye, sèvi manje ak fè pwomosyon.

 40 Rector Street, 9th Floor, New York, NY 10006

 (646) 602-5679

 svp@urbanjustice.org

 <https://www.streetvendor.org/>

 @vendorpower

 Apèl telefonik, imèl, mesaj vocal.

Sèvis Kominotè Solèy Leve (SCS)

Sevis Kominotè Solèy leve se yon kominote san bi likratif ki santre sou kwayans ke chak moun merite sipò siyifikatif pou reyalize aspirasyon li yo - espesyalman lafanmi k ap lite ak tout kalite lòt moun. Sèvis Kominotè Solèy Leve (SCS) desèvi yon kominote divètifye ki gen plis pase 16,000 moun nan tout etnisite ak nivo revni yo atravè Queens ak pwogram ki soti nan pre-K jouk rive nan kolèj ak preparasyon pou karyè, swen nan kay ak fòmasyon asistan sante nan kay, Beacon ak Cornerstone se yon sant kominotè pou timoun ak lafanmi, yon sant dinamik pou granmoun ak yon seri sèvis konplè pou granmoun ki pi aje yo e ki ak risk, tankou gadri sosyal lajounen pou granmoun ki fè maladi alzaymè, ak yon pwogram sèvis sipò nan tout vil la pou moun k ap pran swen de yo. Ak pwogram ki fèt espesyalman pou anrichi lavi ak ranfòse kominote yo atravè sèvis ak angajman pou moun nan tout laj, kòmanse ak moun ki pi defavorize yo, Sèvis Kominotè Solèy Leve (SCS) te eklere lavi moun yo nan yon pwogram divètifye menm jan ak moun y ap bay sèvis depi 1974.

 43-31 39th Street, Sunnyside, NY 11104

 (718) 684-6173

 relief@scsny.org

 www.scsny.org

 <https://www.threads.net/@scs4ny>

 @scs4ny

 Imèl, SMS, apèl telefonik, WhatsApp.

Rezo Vilaj Transnasyonal yo / Rezo Transnasyonal Pèp la

Rezo Transnasyonal Pèp la se yon rezo gwoup kominotè ki baze nan lavil Nouyòk, e ki te dirije pa imigran ki soti nan kominote riral Meksiken e endijèn, ak misyon pou vanse enklizyon sosyal, ekonomik kiltirèl, ak aksè konplè pou dwa atravè sou edikasyon transnasyonal, òganizasyon, pledwaye, ak aktivis..

 362 E 146th St, Bronx, NY 10455

 (347) 269-5812

 Imèl.

Legliz Trinite nan Wall Street

Anvan premye klòch la te sonnen nan Wall Street, anvan Estati Lalibète a te veye sou pò Nouyòk la, anvan Alexander Hamilton te ekri chimen li nan revolisyon an, legliz Trinite te tabli nan kè yon vil ak yon nasyon k ap grandi rapidman. Plis pase twa syèk apre, legliz Trinite toujou ap sèvi pawasyen nan lavil New York.

 76 Trinity Place, New York, NY 11230

 (917) 594-6300

 communityimpact@trinitywallstreet.org

 <https://trinitywallstreet.org/>

 @TrinityWallSt

 Apèl telefonik

Pwojè Lajistis pou Travayè (WJP)

Nan lane 2010, Pwojè Lajistis pou Travayè a te pran nesans. Se yon sant travayè nan lavil Nouyòk ki edike, òganize ak batay pou pi bon kondisyon travay ak jistis sosyal nan espas travay la. Ak yon bazdone ki gen plis pase 12,000 manm, Pwojè Lajistis pou Travayè a òganize travayè imigran yo ki pa gen gwo salè, epi toujou ap batay pou ogmante espas travay yo.

Biwo prensipal:  365 Broadway, Brooklyn, NY 11211
 (347) 889-6340

Biwo Sunset Park:  4112 4th Ave, Brooklyn, NY 11232
 (347) 422-0667

 contactus@workersjustice.org

 <https://www.workersjustice.org/>


 <https://www.threads.net/@workersjusticeproject>

 @workersjusticep

 Apèl telefonik, vizit san randevou.

Pou jwenn aksè a vèsyon anliy gid resous sa a, ki gen ladan
li yon lis dwa travayè ki pi konplè, vizite sit entènèt sa a
comptroller.nyc.gov/immigrant-workers-resource
oswa itilize kòd QR sa a







NEW YORK CITY COMPTROLLER
BRAD LANDER

1 Centre Street, New York, NY 10007
(212) 669-3916
www.comptroller.nyc.gov
@NYCComptroller

[comptroller.nyc.gov/
immigrant-workers-resource](http://comptroller.nyc.gov/immigrant-workers-resource)

